

Exploring Parks with Ranger Dockett Eksplòre yon Pak ak “Ranger Dockett”



Ranger (gad) Dockett se yon **Polisforè**. Yon polisforè se yon moun k ap pran swen yon **plas** piblik. Plas piblik Ranger Dockett a, nan mitan yon gwo vil yo rele "New York City."

Ranger Dockett mennen moun fè **tou** plas piblik la. Li montre moun yo plant ak bèt ki viv la, epi li montre yo lòt bèl bagay ki nan plas piblik la tankou **estati** "Christoph Colon ak Alice Nan Peyi Mèvèy." Pandan li ap fè tou ak moun yo li toujou **kenbe kontak** ak lòt **Polisforè** yo. Li asire l tout moun respekte règleman plas piblik la, ki se kenbe plas la pwòp e an **sekirite** pou tout moun ka mache e jwe.

Pafwa, Ranger Dockett anseye klas bò yon basen dlo. Li fè elèv li yo chèche bèt tankou **tòti**, **krapo** ak **ensèk**. Li antre nan dlo a ak yon **nas**. Li montre kèk timoun yon **kalmason** li jwenn nan labou a. Chak ane li plante **jènn** ti plant. Li eksplike **enpòtans** yo nan plas la.

Ranger Dockett t al aprann lekòl pou l vin yon Polisforè. Li renmen travay li.



Foumi



krapo



kalmason



tòti



zwazo

Aktivite

Mwen konprann tèks la.

1. Dekri ide prensipal istwa a?
2. Kisa sa Ranger Dockett fè nan plas piblik la?
3. Kijan klas Ranger Dockett diferan de klas pa w?
4. Kijan otè a fè w konprann sa yon travay polisforè ye?
5. Kisa ki fè vizit plas piblik la enteresan ?

M ap reflechi sou tèks la.

1. Kisa ki fè yon moun vini yon polisforè?
2. Kisa ou aprann de travay Ranger Dockett?
3. Si ou te yon polisforè, ki pati nan travay la ou ta renmen pi plis? Poukisa?
4. Poukisa w panse klas la te enteresan? Itilize detay ki soti nan istwa a?
5. Eske travay polisforè a se yon travay enpòtan? Poukisa?
6. Konpare Ranger Dockett plas piblik ak Gwo Lous Lak? Kijan tèks sa yo diferan youn ak lòt?

Chèche nan istwa a :

Mo ki kòmanse ak 2 konsòn	Mo ki fini ak 2 konsòn

Fè ak Opinyon

- Fè elèv yo fè diferans ant fè ak opinyon :

- **Fè** se fraz ou ka pwouve **ki fo** osinon **ki vrè**.

- **Opinyon** se **panse pa w** osinon **sa w di** sou yon bagay ; ou pa kapab pwouve l si li fo oubyen si li vrè.

Egzanp:

Zwazo gen plim.

Zwazo se pi bèl bèt.

Foutbòl se yon jwèt tout moun renmen.

Foutbòl se yon jwèt ou jwe ak yon boul.

Ede elèv yo jwenn fè nan istwa a. Epi tou bay opinyon yo sou istwa.

Fè	Opinyon

Prapare yon kat **KWL / KVA** sou Polisforè Plas Piblik .

K (sa n Konnen)	V (sa n Vle konnen)	A (sa n Aprann)
F – Polisforè okipe plas piblik la	Kisa yon polisforè fè chak jou ?	F – Polisforè fè tou plas piblik la.
O – Polisforè genyen anpil amizman.		

Koneksyon ak Pwezi

Revize : Kouman pou li yon pwezi :

1. Lè w ap li yon pwezi eseye imajine foto pwezi a ap dekri.
2. Anpil fwa men pa tout tan, pwezi gen mo rime.
3. Epi gen pwezi ki pati tankou mizik, son yo bay yon kadans.

Li – Oli, Ole, Oli, Ole ! « Zwazo »

Mande timoun yo panse sou kesyon yo pandan y ap koute pwezi a:

1. Ki moun oubyen kisa ou panse k ap pale nan pwezi a?
2. A ki moun y ap pale?
3. Di ki foto ou wè pandan ou t ap koute pwezi a.

Li – Pwezi ‘ZWAZO’

1. An nou repete mo nan pwezi a ki rime
2. Ki mo ki rime ou te tande?
3. Poukisa yo rime?

Ekstansyon aktivite

Bay timoun yo tan pou yo gade liv pwezi a. Fè yo chwazi youn yo renmen. Fè yo li pwezi a bay klas la. Mande pou yo idantifye eleman kle nan pwezi a...?

Redaksyon : Ekri yon ti istwa osijè de yon ti zwazo.



eksplore	abita	proteje	Polis forè
tour	Gran vil	estati	Mache Nan dlo
Sèf	New York City	pak	chemen
plant	Ti pye bwa	Basen Dlo	elèv
nas	lanati	eskout	Bòt Espesyal (lapèch)